NYC Public Schools
Chancellor Kamar H. Samuels

Janvye 2026

Chè fanmi,

Antan yon imigran mwenmenm, mwen konnen kijan kominote lekòl nou yo esansyèl pou elèv ak fanmi imigran—ak kantite kontribisyon elèv ak fanmi imigran pote nan lekòl nou yo.

Nan Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS), nou bay yon edikasyon solid, ki anbrase tout elèv ak bay chak elèv ak fanmi sipò, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo.

Kòm yon rapèl, NYCPS pa bay lapolis ki soti lòt kote aksè nan elèv, nan etablisman lekòl, ni nan dosye lekl sofsi lalwa egzije sa, epi sèlman apre nou fin pale avèk avoka NYCPS.

Nan Vil Nouyòk, lekòl nou yo se kote ki ansekirite pou timoun nou yo. Si nenpòt elèv oswa fanmi gen kesyon oswa enkyetid konsènan yon ensidan imigrasyon, nou ankouraje yo pou yo kontakte direktè lekòl yo a pou yo ka jwenn sipò ki apwopriye yo.

Nou gen anpil resous disponib tou pou estaf nou yo ak fanmi nou yo atravè inisyativ Pwojè bra ouvè (Project Open Arms) nou an, ki bay sipò pou elèv imigran ak fanmi yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou schools.nyc.gov/ProjectOpenArms.

Anplis, NYCPS kontinye ap travay an patenarya avèk Biwo Afè Imigran Majistra a (MOIA). Nou ankouraje fanmi pou itilize liy kliyantèl MOIA pou sipò legal la nan 1-800-354-0365 oswa ale sou nyc.gov/immigrants pou yo jwenn plis enfòmasyon.

Kòm Chanselye ou, mwen angaje m pou m asire lekòl nou yo rete espas ki ansekirite ak ki anbrase elèv ak fanmi yo.

Nan kolaborasyon,

Kamar H. Samuels, Chanselye